# ЖАМУХЬАН КІАНТ ІАМР

(Дела реза хуьлийла цунна)

**«Шен астагІчу когаца ялсамани ваха лууш хилла волу воккха стаг»**

**БисмиллахІиррохьманиррохьим**

Жамухьан кІант Іамр, ша Ислам тІеэцале - Ясрибан (Мадинатан) баьччанех цхьаъ а, иштта урхаллехь а волуш саламат тайпанан эла а, Мадинатан тоьллачу нахах а цхьаъ вара. Бусалба дин тІедале Іарбийн тхьамданийн Іадат дара, Іуьйранна а, суьйранна а шаьш дІасагІучу заманахь, шех беркат эцархьама, Іийданашкахь царна гІурбанаш дайа, иштта сингаттамехь шайна тІетовжа а царах хІораммо шен кертахь шена цІу (идол) хІоттош.

Ткъа Жамухьан кІантан Іамран цІунах Манат олура. Цо иза вайтинера уггаре а дезчу диттан дечигах. Цуьнан доладеш, иза Іалашъеш, цунна тІе уггаре а деза ІатІарш хьоькхуш, барам а боцуш чІогІа пусар дайарца даьхни хІаллакдора цо.

***

Йиманан зІаьнарш Ясрибе кхочучу хенахь (и болх кхочушхилира уггар хьалхарчу Ислам-дин даржорхочуьнгахула Іумайран кІантан МусІабан карахула) Жамухьан кІант Іамр кхузткъа шаре ваьлла вара. Цуьнгахула ийман диллинера цуьнан кхаа кІанта МуІаввaза а, МуІаза а, Халлада а, иштта церан нийсархо волчу Жабалан кІанта МуІаза а (Дела реза хуьлийла царна).

Иштта цуьнан кхаа кІантаца цхьаьна ийман диллинера церан нанас ХІинда а. Жамухьан кІантана Іамрана хууш дацара цара ийман диллархь лаьцна цхьа а хІума.

ХІиндана гора, Ясрибан берриге бахархоша Ислам-дин тІеэцар а, шен хІусамда Жамухьан кІант Іамр а, цунна гонах йолу цхьа жима тоба а бен, Делаца накъост веш Ясрибан баьччанех цхьа а висина цахилар. ХІиндана чІогІа дукхавезара шен хІусамда, сий-ларам бора цо цуьнан. Керсталли чохь а волуш вала а велла, иза жоьжахате вахарна кхоьрура ХІинд. Ткъа цу хенахь иза а вара шен доьзало шайн дайн а, дедайн а динна букътохарна кхоьруш, цхьа кІеззиг йолчу хена чохь шайн дин тІера дуккха а нах бохо ларийна волчу Ислам-динан хьехамчина Іумайран кІантана МусІабана (Дела реза

хуьлийла цунна) уьш тӀаьхьа а хӀиттина, цу МусӀаба уьш Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дине бигарна кхоьруш а.

Цо шен хӀусамнене элира: «ХӀай ХӀинд, варийлахь, хьайн кӀентий цу стагана (аьлча а, Ӏумайран кӀантана МусӀабана) тӀенисбаларх ларбелахь, вайшинна цунах дерг ма-дарра хаъалц». ТӀаккха ХӀинда элира: «Мегаш ду, ахь ма-бохху хир ду, делахь а хьайн кӀанта МуӀаза цу стага шега дийцинарг хьайга дийцича, ладугӀур дарий ахьа?»

Жамухьан кӀанта Ӏамра элира: «Дакъаза ма яла хьо! Ткъа суна хууш хӀумма а доцуш, МуӀаз шен динах воьхна?!» Воккхачу стагах къа а хетта, дикачу зудчо элира: «ХӀан-хӀа! Бакъду, иза цу хьехамчин цхьаболчу гуламашкахь хилла, цо дийцинчух цхьадерг дагахь дисина цунна».

ТӀаккха Жамухьан кӀанта Ӏамра элира: «Схьакхайкха иза со волчу». Амма иза шена хьалха дӀа ма-хӀоьтти, цо цуьнга элира: «Цу стага дийцинчух цхьадерг хазийтал суна». МуӀаза дийшира: «Бисмилла́хӀиррохьма́ниррохьи́м. Аль-хьамду лилла́хӀи роббиль-Ӏа́лами́н. Аррохьма́ниррохьи́м. Ма́лики йавмидди́н. Иййа́ка наӀбуду ва иййа́ка настаӀи́н. ИхӀдинассыро́тӀоль-мустакъи́м. Сыро́тӀоллази́на анӀамта ӀалайхӀим, гӀойриль-магӀду́би ӀалайхӀим валаддо́лли́н. (Ша сов къинхетаме а, къинхетаме а волчу Делан цӀарца. Хастам бу Далла – Ӏаламийн Дена. Ша сов къинхетаме, къинхетаме Волчу. Шен долахь бекхаман де долчу. Хьуна Ӏибадат до оха, Хьоьга гӀо а доьху. Нисде Ахь тхо нийсачу новкъа. Ахь шайна ниӀмат деллачеран новкъа. Хьо шайна оьгӀаз ца ваханчеран а, тила ца беллачеран а новкъа)».

ТӀаккха Жамухьан кӀанта Ӏамра элира: «Ма дика а, хаза а къамел ду-кх хӀара! Цуьнан дерриге а къамел хӀара санна ду?!» МуӀаза жоп делира: «ХӀара санна хаза ду-кх, хӀай сан дада! Цунна байӀат (тешаме хир ву аьлла чӀагӀо) дой ахьа? Хьан дерриге а къам ма ду цунна байӀат дина».

Цхьажимма сецна а Ӏийна, воккхачу стага элира: «Манат олучу сайн делах дага а ваьлла, цо хӀун боху хьажжалц, дийр дац аса и (байӀат)». Жимачу стага цуьнга элира: «Цу Маната хӀун эр ду аьлла хеташ ву-те хьо, хӀай сан дада, я хьекъал а доцуш, я йистхилалуш а йоцуш, къора дечиг ма ю иза».

Воккхачу стага оьгӀазлонца бохура: «Цунах дагаваьлча а бен, белхан хадам бийр бац аса».

***

ХьалагӀаьттина Манатана тӀе вахара Жамухьан кӀант Ӏамр. Цу Манате шайна дистхила лиъча, цара цунна тӀехьа хӀоттош хилла къена йоккха стаг, тӀаккха цу йоккхачу стага шена дагатеснарг кхарна схьадуьйцуш хилла. Цул тӀаьхьа нисвелла шен дегӀаца цу Манатана хьалха дӀа а хӀоьттина, шен могуш болчу когана тӀе а таьӀна (ткъа шолгӀа ког чӀогӀа астагӀа хилла цуьнан), цу Манатана тӀех хаза хьаста а велла, Жамухьан кӀанта Ӏамра элира: «ХӀай Манат, цхьа а шеко яц хьуна хууш хилар, Маккара веана волу и дин кхайкхориг (Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)) хьуна бен кхин цхьанне а вон дан лууш цахилар… Баккъалла а, иза тхоьга хьуна Ӏибадат ма де аьлла веана хилар а, хьох дагавалаза цунна байӀат дан ца лии суна, цо мел хаза къамел динехь а, суна хьехам бехьа». Маната цунна цхьана а кепара жоп ца делира. ТӀаккха Жамухьан кӀанта Ӏамра элира: «ОьгӀазвахана хила тарло-кх хьо. Аса кхул тӀаьхьа хьуна цхьана а кепара новкъахьовзам бийр бац-кх. Делахь а, хӀумма а дац, хьан оьгӀазло дӀаяллалц, масех денна Ӏадвуьту аса хьо».

Жамухьан кӀантан Ӏамран кӀенташна евзара шайн ден оцу шен цӀунаца Манатаца йолу уьйр, заманан йохаллехь и цӀу шайн ден цхьа агӀо хилла хилар а хаьара царна. Амма царна хааделира, цуьнан даг чохь цу Манатан меттиг яша йолаялар. Уьш кхийтира шаьш жим-жима цуьнан дагчуьра и дӀаваккха везарх. И бара иза иймане валоран некъ.

***

Цхьана буса шайн доттагӀчуьнца Жабалан кӀантаца МуӀазаца Жамухьан кӀантан Ӏамран кӀентий Манат волчу цӀа чу бевлира; шен меттера и схьа а эцна, бану саламатан тайпано шайн нехаш чукхуьссучу ор тӀе а ваьхьна, циггахь дӀакхоьссира цара и. Цхьанне а шаьш динарг хаале, уьш сихха шайн цӀа дӀабахара. Ша Ӏуьйренга ваьлча, Ӏамр ваха вуьйлира шен цӀу волчу (цуьнга маршалла хатта), амма цунна иза ца карийра. Цо элира: «Шун дакъазалла, мила ву-те буса вайн далла тӀекхевдинарг?!» Амма цунна цхьаммо цхьана а кепара жоп ца делира.

Вахана, шен цӀенна чухула а, арахула а цӀу леха вуьйлира и, оьгӀазлонна кхехкаш а волуш, иштта кхерамаш а туьйсуш, чӀир а кхайкхош. Шена иза цу ор чу юьхьара кхоьссина караваллац бира цо и болх. И вила а вилина, лийча а вина, цунна ӀатӀар а хьаькхна, шен метте дӀа а хӀоттийна, цо

элира: «ВаллахIи, хьуна хIара хIума динарг сайна мила ву хаахь, иза сийсазваза Iийр ма вац со».

Ткъа шолгIа буьйса тIееъча, кегийрхой Манат волчу бахара, селхана диннарг дира цара цунна. Iуьйренга ваьллачу воккхачу стага иза юха а лерина лехира. Цунна иза карийра цу ор чохь, шен коча тийсина диларш а йолуш. Ор чуьра хьала а ваьккхина, лийча а вина, IатIар а тоьхна, шен метте дIахIоттийра цо иза.

Кегийчу наха цу цIуна изза болх бора делан денна. Амма шена уьш кIордийча, ша дIавижале цу цIуна тIе а вахана, шен шаьлта схьа а эцна, и цу Манатана коча а оьллина, воккхачу стага цуьнга элира: «ХIай Манат, баккъалла а, валлахIи, хIара хьуна гуш долу хIума хьуна дийриг мила ву ма ца хаьа суна, нагахь хьоьгахь дика делахь, хьой вонах кIелхьарваккха хIара шаьлта а ю хьуна». Цул тIаьхьа, вахана шен метта ваьлла, дIавижира и.

Билггала воккхачу стагана наб кхеттий шайна хиъча, цIуна тIехьаьвдира кегийрхой, цуьнан кочара шаьлта схьа а эцна, кертара ара а ваьккхина, чуханца деллачу жIаьлех а тесна, бану саламатан тайпанан гIу чу кхоьссира цара и, шена чу нехашший, диларшший кхуьссуш лаьтташ йолчу.

Самаваьлча, шена цIу ца карийча, и лаха вахара воккха стаг. Цунна иза карийра, шен кочара шаьлта дIа а эцна, цу ор чу юьхьаркхоьссина Iуьллуш. ХIинца хьала ца ваьккхира цо иза ор чуьра. Цара цу чу ма-кхоссара Iад а витина, цо элира: «ВаллахIи, хьо дела велахьара, жIаьлех а тесна кху ор чохь хир ма вацара хьо». Цул тIаьхьа дукха хан ялале АллахIан дине веара и (цо ийман диллира).

Жамухьан кIантана Iамрана ийманан марзонан чам бевзира. Ша Делаца накъост веш яьккхина эрна дIаяханчу ханна хIоразза а дохковуьйлуш, ша-шен куьйгех це еттара цо. Шен дегIаца а, сица а нийсачу динна тIевирзира и. Шен дегI а, даьхни а, доьзал а дIабелира цо АллахIна а, Цуьнан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) а муьтIахь хиларан новкъахь.

***

Ухьудехь гIазот хилале цхьажимма хьалха Жамухьан кIантана Iамрана шен кIентий гира, АллахIан мостагIашна дуьхьал лата кечамбеш. Цаьрга хьоьжура и, хьуьнан лоьмаш санна гIуш болчу, АллахIан некъахь дIакхалха а, иштта АллахI резаварца декъалхила а шовкъах буьззина болчу. Цу балхо

цуьнан майралла хьалаайира, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) байракх кIеллахь джихIаде ваха ойла кхоллаелира цуьнан. Амма кIенташа барт бира и шен ойланна тIера ваккха. Воккха стаг ву и, къаналли чу вирзина, цул совнаха, кхин дехье а йоцуш астагIа а ву и. АллахIа бехказбаьхначаьрца бехказваьккхина а ву и.

Цара цуьнга элира: «ХIай тхан да, АллахIа хьо бехказа витина, тIаккха айхьа хьайна тIе хIунда дожадо ахьа АллахIа хьой маьрша витинарг?!»

Цара аьллачунна чIогIа оьгIазвахана, цунах цатам хилира воккхачу стагана. Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIевахара иза царна арз дан. Цо элира: «ХIай Делан Элча! Баккъалла а, хIара сан кIентий со кху диканах ваккха лууш бу, со астагIа ву бохучунна тIе а доьгIна. ВаллахIи, хIокху сайн астагIаллийца ялсамани чу ваха лууш ма ву со».

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнан кIенташка элира: «Iадвиталаш и, Сийлахь-Везчу АллахIа гIазотехь кхалхаван тарло и…» Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ладугIуш, цара иза паргIат витира.

***

Ухьуде гIазоте арабовла хан тIекхаьчча, Жамухьан кIанта Iамра шен хIусамненаца Iодика йира, ша кхин цкъа а цIавогIур воцуш санна… Цул тIаьхьа, къилбехьа а вирзина, шен ши куьг хьала а айдина, элира цо: «Я АллахI! Хьайн некъа тIехь дIакхалхар лохьа суна; эшна а волуш, сайн доьзална тIе юха а ма валавехьа Ахьа со». ТIаккха шен кхо кIант а, иштта бану саламатан тайпанах йолу цхьа йоккха тоба а шена гонах а яьккхина, новкъавелира и. ТIеман цIе гуттар а марсаяьлча, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гонахара адам а херадаьлча, Жамухьан кIант Iамр вара тIеман хьалхарчу могIарехь, шен таза болчу когана тIе а кхиссалуш, мохь бетташ: «Ялсамане ваха сатесна ма ву со, ялсамане ваха сатесна ма ву со!» Цунна тIехьа вара цуьнан кIант Халлад.

Воккха стаг а, цуьнан кIант а Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Iалашвеш летира, цу тIеман майданахь шаьшшиъ гIазот хилла вожжалц; кIентан а, ден а са даларна юкъа йоьлларг дукха хан яцара.

***

Тlом чекхбаьлча, Ухьудехь кхелхинарш дlабохка царна тlе хlоьттинчу Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен асхьабашка элира: **«Шайн цlийшца а, чевнашца а бита уьш, со ву царна теш».**

Цул тlаьхьа ша аьллачунна тlетуьйхира цо: **«АллахIан некъа тIехь цхьана а бусалба стагана чов ма ца йо, къематдийнахь шена тIера цIийш охьа а оьхуш и стаг вогIур волуш а бен, цу цIийн бос заIпарах** (шафран) **тера болуш, цуьнан хьожа мискан хьожа а йолуш».**

Юха а элира цо: **«Жамухьан кIант Iамр а, Iамран кIант IабдуллахI а** (цуьнан стунваша) **цхьана коша дIаволла, баккъалла а, и шиъ дуьнен чохь цIенна Делан дуьхьа вовшийн дукхавезаш вара».**

***

АЛЛАХI РЕЗА ХУЬЛИЙЛА ЖАМУХЬАН КIАНТАНА IАМРАНА А,
УХЬУДЕХЬ ДIАКХЕЛХИНЧУ ЦУЬНАН НАКЪОСТАШНА А.
АЛЛАХIА ЦЕРАН КЕШНАШ НУЬРЕ ДОЙЛА!